

# Avi sou konfidansyalite

Avi sa a dekri kòman enfòmasyon sou sante w gendwa itilize epi pataje e kòman ou ka wè enfòmasyon sa yo. **TANPRI, BYEN LI DOKIMAN SA A AVÈK ANPIL ATANSYON.**

Dat li an vigè : 1<sup>ye</sup> janvye 2025

## Kòman nou itilize epi pataje enfòmasyon ou yo

Si w resevwa benefis nan men MassHealth, nou gen enfòmasyon pou n ba ou. Sa gen ladan enfòmasyon pèsònèl ou yo e enfòmasyon sou swen medikal ou yo, tankou ki kalite sèvis medikal w ap resevwa. **Nou itilize epi n pataje enfòmasyon ou yo jan sa make annapre la.**

### Pou jere sante w

- Nou itilize e pataje enfòmasyon ou yo pou ede jere tretman e sèvis ou resevwa.
- *Egzanp* : Yon doktè voye ban nou enfòmasyon sou dyagnostik e tretman ou yo pou n apwouve lòt sèvis siplemantè.

### Pou egzekite MassHealth

- Nou itilize epi n pataje enfòmasyon ou yo pou n egzekite MassHealth.
- *Egzanp* : Nou sèvi ak enfòmasyon sou ou pou n asire w ap resevwa swenyaj bon kalite oubyen pou etidye kòman pou n kenbe frè swenyaj yo ba.

### Pou aktivite asosye ak peman

- Nou itilize epi n pataje enfòmasyon ou yo pou aktivite asosye ak peman.
- *Egzanp* : Nou pataje enfòmasyon ou yo pou n peye pou founisè swen medikal ou yo pou sèvis ou resevwa.

### Lè lalwa egzije sa

- Nou pataje enfòmasyon ou yo lè lalwa egzije sa.
- *Egzanp* : Lè lalwa egzije sa, nou pataje enfòmasyon ou yo avèk

ajans leta oubyen federal tankou Depatman sante piblik e sèvis sosyal Etazini Damerik (U.S. Department of Health and Human Services) pou yo ka sipèvizite aktivite swen oubyen ankete fwòd oubyen abi.

## **Pou w gen plis benefis**

- Nou itilize e pataje enfòmasyon ou yo pou w jwenn lòt benefis oubyen sèvis ou kalifye pou w resevwa.
- *Egzanp* : Nou itilize e pataje enfòmasyon ou yo tou pou n fè w konnen ki nouvo sèvis, benefis, oubyen swen medikal ou gen antanke manm MassHealth.

## **Pou sante oubyen sekirite**

- Nou itilize e pataje enfòmasyon ou yo si sa nesesè pou anpeche yon menas imedya pou sekirite w oubyen sekirite lòt.

## **Pou rechèch**

- Nou gendwa pataje enfòmasyon ou yo pou rechèch ki benefisyè manm MassHealth e satisfè kondisyon konfidansyalite MassHealth.

## **Dwa ou yo**

### **Pou sa ki konsène enfòmasyon w, konnen ou gen dwa.**

### **Resevwa yon kopi avi sou konfidansyalite sila**

- Vèsyon aktyèl avi sa a ap disponib sou sit entènèt nou a.
- Ou ka nenpòt lè mande pou yon kopi avi sa a sou papye e n ap ba w youn.

### **Resevwa yon kopi dosye MassHealth ou yo**

- Jan lalwa egzije sa, ou ka mande yon kopi dosye MassHealth ou yo. Se pou w fè demann lan alekri.
- Nou ka ba w aksè nan dosye tankou aplikasyon w yo, istorik sou reklamasyon ou fè, e avi nou voye ba ou. MassHealth pa gen dosye medikal. Si w ta renmen yon kopi dosye medikal ou yo, kontakte tanpri founisè swen medikal ou a.

- MassHealth gendwa mande pou w peye yon frè rezonab pou fè kopi dosye MassHealth ou yo e voye yo ba ou.

## **Mande pou n korije dosye MassHealth ou yo**

- Ou ka mande n korije dosye MassHealth ou yo si w kwè yo enkòrèk oubyen si gen enfòmasyon ki manke.
- Se pou w fè demann lan alekri, di n sa w vle chanje, e pouki. Si n fè chanjman ou mande a, n ap kite w konn sa alekri.
- Nou gendwa di “non” pou demann ou fè a, pa egzansp, si n kwè enfòmasyon yo kòrèk oubyen n pa t kreye enfòmasyon yo, men n ap di w rezon an alekri.

## **Mande pou gen kominikasyon konfidansyèl**

- Ou ka mande pou n kontakte w yon sèten jan, tankou rele w lakay ou, nan biwo kominikasyon w, oubyen nan selilè w, oubyen voye imèl nan yon diferan imèl. Tanpri, kontakte n alekri epi di n egzakteman ki kote e kòman MassHealth dwe kontakte w.
- N ap konsidere tout demann rezonab e dwe di “wi” si w di n si l ap yon danje pou ou si n di non.

## **Resevwa yon lis avèk ki moun nou pataje enfòmasyon ou yo**

- Ou ka mande pou yon lis lè n pataje enfòmasyon ou yo e rezon pouki nou pataje yo.
- N ap mete tou tout pataj nou fè sis lane anvan dat ou fè demann lan eksepte si lè enfòmasyon ou yo te pataje pou tretman w, peman pou tretman w, e pou operasyon medikal, sèten lòt pataj (tèlke tout pataj ou te mande n fè).
- N ap ba w yon lis gratis chak 12 mwa. Si w mande pou yon lòt lis sou 12 mwa apre dènye demann ou an, nou gendwa mande w peye yon frè rezonab baze sou sa li koute.

## **Mande n mete limit jan nou itilize oubyen pataje enfòmasyon ou yo**

- Ou ka mande n mete limit jan nou itilize oubyen pataje enfòmasyon ou yo.
- Se pou demann lan fèt alekri.
- MassHealth ap konsidere tout demann ki fèt, men nou pa oblije aksepte l. Pa egzanp, nou gendwa di “non” si restriksyon an ta aji sou swen ou yo.

## **Enfòmasyon sou sante repwodiktif**

- MassHealth ap pwoteje enfòmasyon sou sante repwodiktif ou yo. Lalwa entèdi n pataje enfòmasyon sa yo pou yon ankèt oubyen pwosè penal, sivil, oubyen administratif kont tout moun ki chèche, resevwa, founi, oubyen fasilite swen medikal repwodiktif.
- Pa egzanp : Si w ale abite nan yon leta ki kriminalize tout moun k ap chèche jwenn swen sante repwodiktif e responsab leta sa a mande MassHealth pou enfòmasyon w, n ap ba yo enfòmasyon w lè konsa.
- MassHealth pa p pataje enfòmasyon sou sante repwodiktif ou yo pou aktivite siveyans sante, pwosedi jidisyè e administratif, fòsdelòd oubyen doktè ki egzamine kadav oubyen doktè lejis amwenske moun k ap fè demann pou enfòmasyon ou yo sètifye objektif demann l ap fè a pou yon ankèt penal, sivil, oubyen administratif k ap chèche pou enpoze responsablite sou tout moun k ap chèche, jwenn, founi, oubyen fasilite swen sante repwodiktif.
- Pa egzanp : Si n resevwa yon òdonans tribinal ki mande pou enfòmasyon sou sante repwodiktif ou yo, nou pa p okipe sa amwenske nou resevwa yon atestasyon valab nan men tribinal sa a ki klèman di enfòmasyon sa yo pa p itilize pou ankèt oubyen enpoze okenn responsablite nan tout pwosedi kont oumenm poutèt ou mande oubyen resevwa swen sante repwodiktif.

## **Enfòmasyon sou tretman pou itilizasyon sibstans**

- MassHealth pa p pataje enfòmasyon sa yo amwenske sa otorize pa 42 C.F.R. Part 2.
- Amwenske ou ban n pèmision pou fè sa oubyen yon tribinal emèt yon òdonans legal ki mande pou dosye ou yo oubyen yon temwayaj ki releye kontni dosye sa yo e ou te gen posiblite opoze òdonans lan, MassHealth p ap pataje enfòmasyon sou tretman pou itilizasyon sibstans kèlkeswa kalite ankèt oubyen pwosedi sivil, penal, administratif, oubyen lejislatif kont ou.

## **Depoze yon plent**

- Ou ka kontakte MassHealth si w kwè dwa pou lavi prive w vyole oubyen ou gen kesyon w ap poze sou avi sa a. Ou ka depoze yon plent tou avèk U.S. Depatman sante piblik e sèvis sosyal apati enfòmasyon ki nan fen avi sa a pou w depoze yon plent.

## **Chwa ou yo**

**Ou gen dwa sou jan enfòmasyon ou yo pataje.** Nan sèten sitiyasyon, ou ka deside avèk kiyès enfòmasyon ou yo pataje e kòman yo itilize.

## **Kiyès pou mete nan swen ou yo**

- Ou gen dwa chwazi avèk kiyès MassHealth pataje enfòmasyon yo, tankou zanmi, fanmi, oubyen lòt moun ki patisipe nan tretman w, reprezantasyon w, oubyen paman pou swen ou yo.
- Si w pa an mezi pou w di n chwa ou a, tankou si w pèdi konesans, MassHealth gendwa pataje enfòmasyon ou yo avèk yon lòt moun si n kwè sa nan bon enterè w.

## **Pataj avèk pèmision w**

- MassHealth pa p itilize oubyen pataje enfòmasyon ou yo avèk lòt moun pase moun ki make nan avi sa a, amwenske ou ban n pèmision.
- Ou ka chanje lide nenpòt lè, depi w kite n konn sa alekri.

- Si w anile pèmisyon w, nou pa ka rebran okenn enfòmasyon nou itilize oubyen pataje lè n te gen pèmisyon w. Sa gen ladan enfòmasyon sou sante repwodiktif e enfòmasyon sou tretman pou abi sibstans.

## **Komèsyalizasyon e vant enfòmasyon**

- MassHealth pa vann enfòmasyon ou yo oubyen pataje enfòmasyon ou yo pou kesyon komèsyal.

## **Responsablite nou yo**

### **N ap kenbe enfòmasyon ou yo an sekirite e prive**

### **Pwoteje enfòmasyon ou yo**

We are required by state and federal laws to protect information about you, and we will let you know promptly if a breach occurs that may compromise the privacy or security of your information.

### **Di w kòman enfòmasyon ou yo ap itilize epi pataje**

- MassHealth dwe respekte tèm avi sa a.
- MassHealth ka fè chanjman nan avi sa a. N ap fè w konnen si n fè chanjman enpòtan nan avi sa a oubyen jan n itilize e pataje enfòmasyon ou yo.

## **Kontakte n**

- Ou ka kontakte biwo konfidansyalite MassHealth (MassHealth Privacy Office) si w ta renmen sèvi ak youn nan dwa ki make nan avi sa a, oubyen si swete gen plis enfòmasyon sou jan MassHealth pwoteje enfòmasyon ou yo.
- Imèl : [Privacy.officer@mass.gov](mailto:Privacy.officer@mass.gov)
- Adrès : MassHealth Privacy Office  
Executive Office of Health and Human Services  
One Ashburton Place, 11th Floor, Boston, MA 02108
- Telefòn (617) 573-1656

- Si w bezwen èd pou konprann lèt sa a, telefonnen nan nimewo (800) 841-2900 (TDD / TTY : 711, lendi pou vandredi, 8:00 a.m. pou 5:00 p.m.
- Tanpri, kominike avè n pou w mande pou yon kopi avi sa a nan lòt lang oubyen pou jwenn yon kopi nan lòt fòm, tankou gwo karaktè oubyen bray.

## **Kontakte Depatman sante piblik e sèvis sosyal Etazini Damerik :**

Address: U.S. Department of Health and Human Services  
200 Independence Avenue, S.W., Room 509F HHH Bldg  
Washington, D.C. 20201

Email: [OCRComplaint@hhs.gov](mailto:OCRComplaint@hhs.gov)